

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMPN 9 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)* masih kénéh kurang jeung kurang nyugemakeun. Dina pratés, tina 38 siswa nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, anu geus mampuh nulis guguritan nya éta 5 siswa atau 13,2%. Béda jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*. Dina té ahir (pascatés) kamampuh siswa dina nulis guguritan ngaronjat. Jumlah siswa anu dianggap geus mampuh nulis guguritan ayeuna ngaronjat jadi 36 siswa atau 94,7%.

Hasil uji sifat data ngabuktikeyén hasil té awal (pratés) jeung té ahir (pascatés) dina ieu panalungtikan téh normal dina taraf kapercayaan 99% sabab dina té awal $\chi^2_{\text{itung}} = 8,11 < \chi^2_{\text{tabé}} = 11,3$. Kitu deui té ahir (pascatés) hasilna nya éta $\chi^2_{\text{itung}} = 2,47 < \chi^2_{\text{tabé}} = 11,3$. Lian ti normal, data hasil té awal jeung té ahirna ogé homogén, lantaran $F_{\text{itung}} = 2,53 < F_{\text{tabé}} = 3,54$.

Sabada nguji normalitas jeung nguji homogénitas dilaksanakeun uji gain (d). Hasil tina uji gain nuduhkeun yén béda rata-rata antara peunteun té awal jeung té ahir nya éta 554. Jéntré pisa yén aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa nulis guguritan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*.

Pamungkas anu dilaksanakeun téh nya éta nguji hipotésis ngagunakeun uji t. Hasil uji t nuduhkeun yén dina taraf signifikansi 99% $t_{\text{itung}} = 14,87 > t_{\text{tabé}} = 2,46$. Hartina hipotesis dina ieu panalungtikan téh ditarima. Ku kituna, modél *Think-Talk-Write (TTW)* épéktip pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-13 SMP Negeri 9 Bandung.

Lian ti éta, kaépéktipan modél *Think-Talk-Write (TTW)* ogé katitén tina ngaronjatna kamampuh nulis guguritan siswa dina ungal aspék. Dina aspék éjahan tina hasil rata-rata 64 ngaronjat jadi 81, dina aspék pilihan kecap jeung gaya basa

tina hasil rata-rata 62 ngaronjat jadi 77, dina aspek hubungan eusi jeung judul tina hasil rata-rata 67 ngaronjat jadi 82, dina aspek tulisan tina hasil rata-rata 69 ngaronjat jadi 78, dina aspek hubungan antar pada jeung antar padalisan tina hasil rata-rata 65 ngaronjat jadi 82, sarta pamungkas dina aspek guru lagu, guru wilangan, jumlah padalisan dina unggal pada jeung Watek Pupuh tina hasil rata-rata 63 ngaronjat jadi 78.

5.2. Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan nulis guguritan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)* ka siswa kelas VIII-13 SMPN 9 Bandung, aya sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangpaatna boh pikeun kamajuan sakola boh pikeun guru salaku nu ngajar. Husus dina pangajaran nulis guguritan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*, diantarana:

1. modél *Think-Talk-Write (TTW)* kabukti épéktip dina pangajaran nulis guguritan, dipiharep bisa jadi salah sahiji alternatif pikeun guru dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis siswa;
2. sacara tioritis, guru dipiharep bisa ngalarapkeun léngkah-léngkah pangajaran ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)* nu saluyu jeung tiori, sangkan hasil diajarna bisa leuwih épéktip sarta mampuh ngaronjatkeun hasil pangajaran;
3. dipiharep ayana panalungtikan ngeunaan modél *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis atawa dina pangajaran lianna sangkan leuwih ngabuktikeun kaépéktipan éta modél pangajaran.